



Ubushikiranganji bwo gushigikirana,
agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira

AGATABO MFASHANYIGISHO KU BIJANYE NO GUTATURA AMATATI BIDACIYE MU NGUVU

Inyigisho zigenewe Imboneza

Zateguwe n'abafasha mu vy'imibano b'ibigo bijejwe iterambere ry'ingo n'imibano (CDFC) mu ntara ya Gitega ari bo : Annonciate Niyakire, Komine Gitega ; Timothée Iranyibuka, Komine Nyarusange ; Rita Ndacayisaba, Komine Makebuko

Bafashijwe na Christian Ngendahimana , Umuhinga yigenga mu gutatura amatati, gutsimbataza amahoro n'intwari ibereye



Inyigisho zigenewe Imboneza



giz Deutsche Gesellschaft
für Internationale
Zusammenarbeit (GIZ) GmbH

zfd Ziviler Friedensdienst
Service civil pour la paix

Gitugutu, 2013

AGATABO MFASHANYIGISHO KU BIJANYE NO GUTATURA AMATATI BIDACIYE MU NGUVU

Inyigisho zigenewe Imboneza

Zateguwe n'abafasha mu vy'imibano b'ibigo bijejwe iterambere ry'ingo n'imibano (CDFC) mu ntara ya Gitega ari bo :

- Annonciate Niyakire, Komine Gitega
- Timothée Iranyibuka, Komine Nyarusange,
- Rita Ndacayisaba, Komine Makebuko

Bafashijwe na :

- Christian Ngendahimana, Umuhinga yigenga mu gutatura amatati, gutsimbataza amahoro n'intwari ibereye

Gitugutu, 2013

IBIRIMWO

Inyinjizo-----	1
1 Intangamarara -----	2
2 Insiguro z’amajambo : “Amatati”, “Gucisha mu nguvu”, “Amahoro” -----	2
2.1. Insiguro y’ijambo « amatati »-----	2
2.2. Insiguro y’amajambo « gucisha mu nguvu » ----	3
2.3. Insiguro y’ijambo « amahoro » -----	3
3 Ubwoko bw’amatati -----	3
3.1. Amatati mato mato -----	3
3.2. Amatati yarikiye mu mutima -----	3
3.3. Amatati agaragara -----	4
4 Intambuko z’amatati -----	4
Amatati agereranyijwe no gucana umuriro-----	4
5 Imirwi mikuru mikuru y’inkomoko z’amatati -----	5
5.1. Amatati aterwa no kutamenya -----	5
5.2. Amatati afatiye ku bucuti -----	5
5.3. Amatati ashimikiye ku mico n’akaranga -----	6
5.4. Amatati afatiye k’uko ibintu bitunganyijwe -----	6
5.5. Amatati afatiye ku nyungu -----	6
6 Ingene tubona ibintu n’uko tuyibaza -----	6

7	Inyifato tugira mu matati -----	7
	7.1. Uguhungana -----	7
	7.2. Uguhiganwa -----	7
	7.3. Uguheberana-----	7
	7.4. Uguheberanira -----	8
	7.5. Ukwiyumvikanira -----	8
8	Ugutatura amatati bidaciye mu nguvu : Uguhanura -----	10
	8.1. Ibiranga umuhanuzi -----	10
	8.2. Intambwe umuhanuzi acako mu guhanura abatase -----	10
	8.3. Kugereranya Uguhanura n'Ukwitura ubutungane -----	12
9	Ikiyago ciza -----	13
	Intangamarara : Utugani dushimikira ku kiyago ----	13
	Inyifato y'uwuvuga n'uwumviriza -----	13
10	Ugusozera -----	14

ANNEXES

1. Fiche d'évaluation des connaissances en résolution pacifique des conflits	16
2. Guide méthodologique pour utiliser le guide de formation	18
3. Fiche de suivi de la formation en résolution pacifique des conflits	23

Inyinjizo

Mu Burundi, harabaye intambara mu bonse rimwe, bituma haba amatati mu mibano, guhungira hagati mu gihugu, isinzi ry'abandi benegihugu bahungira hanze mu bihugu duhana imbibe, havuka n'imirwi y'abitwaje ibigwanisho.

Ubu, Uburundi buri mu gihe c'inyuma y'intambara, aho hariko harasubizwa mu vyabo no mu zabo abahungiyeye hagati mu gihugu, hanze y'igihugu n'isubizwa mu buzima busanzwe abahoze ku rugamba, ivyo bigakenera gusubira kumenyerezwa ibijanye n'imibano.

Hambavu y'ivyo, hasanzwe hari izindi ngorane nyinshi zifatye kw'igwirirana ry'abantu ibi na vyo bikongereza ukwinubana nk'uko bikunda kwigaragaza mu mibano, eka mbere no hagati y'abubakanye canke abavukana kubera ivyo gutorana bidatunganijwe neza.

Ingorane zitandukanye zerekeye igikorwa co gutatura bene ayo matati ziguma zibonekeza muri ubu buryo na buriya mu mibano y'abenegihugu, mu makomine ya Gitega co kimwe no mu bindi bice vy'igihugu.

Inzego zitandukanye ziragira uko zishoboye ngo zitature amatati ariko zikarengerwa kubera ubwinshi bw'ayo matati. Uruhara rw'imboneza ni ntangere mu guterera umuganda mu gutatura amatati bidaciye mu nguvu kugira amahoro n'umwumvikano bisasagare mu mibano.

Ni muri iyo ntumbero rero, twatunganije zino nyigisho zigenewe imboneza kugira bafashe mu gukinga no gutatura amatati mu mibano. Turashimiye cane bimwe biboneka, abafashije mu gutunganya izi nyigisho no gutunganya aka gatabo mfashanyigisho : Christian Ngendahimana, Umuhinga yigenga mu gutatura amatati, gutsimbataza amahoro n'intwari ibereye, Michel Muhirwa na Merel Overbeeke, abahanuzi mu vy'ubuhinga bo muri ZFD/GIZ. Turashimiye kandi Ubushikiranganji bwo gushigikirana, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira hamwe n'abarongoye umugambi ZFD/GIZ wafashije mu gutanga n'uburyo.

Murakoze !

1 Intangamarara

Amatati ari mu bigize kamere y'ubuzima bwacu. Waba umuto canke umusaza, umutunzi canke umukene, umunyaburayi, umunyamerika, umunyafirika, umunyaoseyaniya, umunyaziya, iwacu mu miryango, ku kazi n'abo dukorana canke hagati y'abatwara, amatati arigaragaza kandi ari muri ivyo vyose biduhuza.

Amatati mu yindi mvugo ni inguvu rimwe na rimwe zidutandukanya zikongera zikaduhuza. Ubudasa bw'amatati butuma buba ngombwa ko tubwiga kugira tubutahure kumwe.

Amatati ni ikimenyetso ntabanduka kandi nkenerwa rimwe na rimwe mu bucuti bwacu. Ingorane ihari mu mibano yacu rero si iyo kurandurana n'imizi amatati, mugabo ni iyo kumenya ingene twoyatorera inyishu canke twoyatatura mu buryo bwubaka mu gihe yibonekeje.

2 Insiguro z'amajambo : "Amatati", "Gucisha mu nguvu", "Amahoro"

2.1. Insiguro y'ijambo « amatati »

Amatati ni inyifato y'umuntu iba muri we, mu kutitahura akabura ico afata n'ico areka canke inyifato itandukanye yibonekeza hagati mu murwi w'abantu bivuye ku nyungu baharanira ntibayumvikaneko. Amatati ni ukutumvikana kw'abantu babiri canke benshi, ku kintu, mu mvugo canke mu ngiro.

Menya neza

Amatati ni Ndemanwa, Ntatoranya kandi ni Nkenerwa rimwe na rimwe.

Ndemanwa : Amatati ari mu bintu bigize ubuzima bwacu bwa misi yose

Ntatoranya : Amatati nta nahamwe atigaragaza, nta muntu n'umwe aba uwera canke uwirabura amatati atigaragaza ko.

Nkenerwa rimwe na rimwe : Iyo ben'amatati bayatatuwe n'ingoga kandi, ayo amatati atuma bene gutata batahurana gusumba mbere bakanigira inama yo kwirinda gusubira mu ngorane.

2.2. Insiguro y'amajambo « gucisha mu nguvu »

Gucisha mu nguvu ni inyifato yigaragaza mu bikorwa no mu majambo bigatuma haza ingaruka mbi ku mubiri, ku mutima, mu mibano eka mbere no ku bidukikije.

2.3. Insiguro y'ijambo « amahoro »

Amahoro ntasigura ahataru amatati, mugabo ashira imbere ingendo nziza, irama kandi idakumira, mu gushigikira ibiganiro bigatuma amatati ataturwa mu mwumvikano no mugufashanya. Mu mahoro rero, ingorane iyo zadutse zitaturwa mu buryo bwubaka ata nguvu zikoreshejwe. Ku muntu, amahoro yerekana iteka n'itekane, ata gahinda, ata terabwoba kandi ata vyipfuzo bibi afise.

3 Ubwoko bw'amatati

3.1. Amatati mato mato

Ni amatati yoroshe gutatura mugabo adatatuwe ashobora kuvamwo amatati yarikiye mu mutima.

Akarorero : Guhonyora umuntu muri mu muduga. Uhonyowe asabwe ikigongwe n'umuhonyoye bica bihera. Ni amatati atagira inkomoko, ataba yiyumviriwe.

3.2. Amatati yarikiye ku mutima

Akarorero : Uri umwana warezwe na mukaso gito atakwitaho, agumagiza abandi bana muvukana kuri so gusa bari aho, haragera igihe ukabona ko urenganywa buri gihe. Umaze gukura ukaronka ico wisumbije, kenshi na kenshi amatati yari yinyegeje hagati yawe na muka so araheza akaja ahabona. Ukamwibutsa

ikibi yagukoreye, rimwe na rimwe mbere n'ugushwana mugashwana eka mbere n'ukugwana mukagwana.

3.3. Amatati agaragara


Ni igihe amatati yibonekeje agatera intambara, ubwicanyi, ubusuma, gusambura amazu n'ibintu, kurwana.

Akarorero : Itariki 21 gitugutu 1993, amatati yari yarikiye mu mitima ya bamwe bamwe mu Barundi kubera ivyago vyashikiye Uburundi kuva bucikukira na cane cane ivyo 1972 hagati y'Abahutu n'Abatutsi, yarigaragaje.

4 Intambuko z'amatati

Amatati agereranyijwe no gucana umuriro

1



Kwegeranya inkwi /
kwegeranya ibigwanisho

2



Kudomeka / imbarutso

3



Urubeya / Amagume

4



Umuriro utarazima /
umufugutu

5



Umuriro wazimye /
Gusanura ivyasambutse

Umwimenyerezo

Umuremesha nyigisho arasaba ben'inama kugereranya amatati no gucana umuriro bakoresheje ibicapo vyerekana intambuko zitandukanye z'amatati.

5 Imirwi mikuru mikuru y'inkomoko z'amatati

5.1. Amatati aterwa no kutamenya

Ni amatati aterwa n'ukuronka inkuru zitari zo canke kubura inkuru.

5.2. Amatati afatiye ku bucuti

Ni amatati ashingiye ku vyo abantu bahuriyeko : ubucuti, inyungu, ubugenzi canke ibishobisho. Ayo matati ashobora kwonona ico abantu bahuriyeko mugihe kuyatatura vyari vyoroshe cane.

Akarorero : Umuvyeyi yama yihutira guhana umwana mukuru mu gihe habaye ukutumvikana hagati y'abavukana. Yama abona ko umwana mukuru ariwe ari mu makosa, ntafata umwanya ngo atohoze mu ntumbero yo kumenya uwuri mu kuri canke mu makosa yitwaje ngo kirazira gusindira umwana muto kandi hari igihe usanga umuto ariwe yasindiye umukuru.

5.3. Amatati ashimikiye ku mico n’akaranga

Ayo matati aturuka ku budasa bw’ivyiyumviro canke ku mico n’imigenzo. Urugero rw’ubwo budasa, uko ruri kwose, ntiruvamwo iminsi yose amatati. Amatati ashika iyo umurwi kanaka ushatse guhatira uyundi murwi ku mico n’imigenzo yawo canke ukawubuza ukwemera kwawo.

Akarorero : Umutamakazi w’aho hambere ntatahura ingene inkumi za none zambara impuzu ngufi bavuga ngo nizo zigezwe ho.

5.4. Amatati afatiye k’uko ibintu bitunganyijwe

Amatati afatiye ku gutorana kw’abigeme afatiye ahanini kw’ugutorana kwamye kuraba abahungu gusa. Kubera itegeko rimeze gutya, umukobwa ntazigera atorana.

5.5. Amatati afatiye ku nyungu

Kenshi na kenshi ni amatati ya politike canke ay’amatongo afatiye kuko bene yo baba basangiye canke baturira ku matungo amwe.

6 Ingene tubona ibintu n’uko tuyibaza

Muri rusangi, abantu ntibabona canke ngo batahure ibintu kumwe. Ivyo na vyo bigatumwa n’uko abantu badakurira hamwe, bataronka inyigisho zimwe, hamwe n’uko bataba biteze bimwe.

Aho twakuriye : Aho tubaye haratuma tutabona kandi tudatahura ibintu kumwe.

Inyigisho : Ivyo twagiye turiga bituma tutabona ibintu kumwe.

Ivyo twiteze ku vyo tubona na vyo bituma tudatahura ibintu kumwe.

Akarorero : Uwunyotewe abonye icupa, yibaza ko ryuzuye naho ryoba rigaragara.

Mu ncamake, ubudasa bw’ingene tubona ibintu n’uko tuyibaza birashobora kuba inkomoko y’amatati. Igikuru ni ukumenya ko ubudasa ari nkenerwa kugira abantu batere imbere.

7 Inyifato tugira mu matati

Twarabonye ko amatati ari mu bigize ubuzima bwa misi yose. Na kare barayamaze ngo: “Ahari abantu hama uruntu runtu” kandi ngo: “Ntazibana zidakomanya amahembe”. Abantu rero iyo bari mu matati, ntibavyifatamwo kumwe. Hari abarwana, abahungana, abaheberanira, abiyumvikanira, abaheba n’abitura ubutungane canke abobahuza, abazika ku mutima.

Abahinga mu vyo gutatura amatati bidacyiye mu nguvu basanze hari inyifato zitanu zikunda kwigaragaza hagati ya ben’amatati. Izo nyifato ni izi :

7.1. Uguhungana

Kenshi na kenshi, abantu bari mu matati barinubana. Umwe agahunga uwundi. Muri ico gihe, nta n’umwe yunguka. Bahomba bose.

7.2. Uguhiganwa

Abantu batase kenshi na kenshi harabura uwuhebera uwundi. Haragera igihe bene amatati bikora ku nguvu zabo no ku buryo bafise kugira bikingire. Iyi nyifato, ituma hagati ya bene amatati bama bahigana bashaka kwerekana uwusumvya inguvu canke uburyo uwundi. Iyi nyifato ituma kandi umwe mu batase, bivanye n’uko asumvya inguvu n’uburyo uwundi, aharonkera akarusho naho katamara umwanya, kuko uwarushijwe yama arondera ingene yokwihora.

7.3. Uguheberana

Mu gihe hibonekeje amatati hagati y’abantu babiri canke imirwi y’abantu, bivanye n’inguvu, inyifato canke uburyo vya bene gutata, hari igihe umwe muri bo atinda agaheba ahebeshejwe. Iyi nyifato ni mbi kuko uwahebeshejwe agumiza agatima kuvyo yahevyeye adashatse maze igihe cose aronkeye izindi nguvu agaheza agashaka gusubira ku neza canke ku nguvu ku vyo yahebeshejwe.

7.4. Uguheberanira

Kenshi na kenshi, bivanye n'uburemere rw'ivyo abantu bapfa, ben'amatatai ntibiborohera kwiyumvikanira. Haragera igihe bitura abobumvikanisha. Muri ico gihe, bafashijwe n'umuhanuzi ni ngombwa ko umwe mu batase agira ico ahevyе kugira na we agire ico yungutse. Iyi nyifato ituma ubucuti budatituka cane hagati y'abatase n'aho rimwe na rimwe ituma bene gutata bamenanira ibanga.

7.5. Ukwiyumvikanira

Rimwe na rimwe ben'amatatai barashobora kwiyumvikanira hagati yabo. Iyo nyifato ni ngira kamaro kuko ituma abatase badaseseranira agatabi kandi igakomeza ubucuti hagati yabo no hagati y'abazobakomokako. Iyi ni nayo nyifato ibereye naho idashirwa imbere kenshi na bene amatatai.



8.1. Ibiranga umuhanuzi

Kugira kanaka abe umuhanuzi nyawe, abwirizwa kuba yemewe n'abatase bose. Iryo na vyo bishoboka k'umuntu w'imvugakuri, azira guhengama kubera amaronko kandi akazira gutwarira hejuru. Umuhanuzi nyawe abwirizwa kuba umuntu agumya ibanga, yumviriza kandi ategera neza. Uwo muntu yoba afise ubushobozi n'ubuhinga bwo gutohoza, agafatira ikintu umwanya kandi akaba umuntu ababazwa no kubona abandi bari mu ngorane.

8.2. Intambwe umuhanuzi acako mu guhanura abatase

Intambwe ya mbere : umwiteguro

Iyi ntambwe ni yo gusaba abatase kwicara hamwe ngo bavugane. Umuhanuzi ategerezwa :

- Kwumviriza umwe umwe wese ukwiwe,
- Kubaza rero umwe wese ko atorengera ishavu akavugana n'uwo batase,
- Gutora ikibanza baturiramo kandi corohereza bese,
- Gutegura ikirangamisi c'ikiyago n'abantu bese bakenewe mu biganiro.

Intambwe ya kabiri : intangamarara

- Gutegura ca kibanza gihumuriza bese,
- Guha ikaze bese,
- Gusigurira abatase igikorwa cabazanye,
- Gusaba ko bogumaniriza ibanga ntibarazanye,

Intambwe ya gatatu : insiguro y'amatati

- Kuvugana ingorane, umwe akavuga uwundi akumviriza,
- Kwumviriza inkuru yose udacira mw'ijambo uwundi,
- Kwerekana ko ubategera bese n'aho boba bavugana ishavu,
- Kwandika ivyiyumviro bikuru bikuru bashikiriza,
- Kwihweza inkomoko y'amatati,
- Kumenya ko amatati ari aya kera canke aya vuba,
- Gutororokanya ingorane z'umwe umwe wese.

Intambwe ya kane : inyishu y'amatati

- Kubabaza igikenewe kugira batore inyishu z'ingorane zabo,
- Gutororokanya ingorane bahuriyeko,
- Kuraba ko bese bemera ko izo ngorane bazisangiye,
- Abatase baratora inyishu z'izo ngorane ,
- Kuraba ko izo nyishu batoye zizotuma bunguka kumwe bese.

Intambwe ya gatanu : gushira igikumu ku masezerano

- Gushira ku rutonde ivyo abatase bemeraniye,
- Kuvuga igihe n'ingene bizoshirwa mu ngiro,
- Kwandika amasezerano mu majambo atomoye, ashimisha bese,
- Kwitegekanya ikizokorwa igihe ayo masezerano atubahirijwe,
- Kumenyesha uwuzobikurikirana gushika bishirwe mu ngiro,
- Gusoma no gushirako imikono kuri ayo masezerano.

8.3. Kugereranya uguhanura n'ukwitura ubutungane

UGUHANURA	UBUTUNGANE
Akamaro	Akamaro
• Kumva umubabaro w'uwundi • Ubugenzi n'urukundo biragaruka • Nta yandi matati asubira kugaruka • Abatase bo nyene baritorera umuti w'ingorane. • Kwibagira akahise • Kwizigiranira • Imiryango irasubiza hamwe • Kutamena ibanga • Kudasesagura	• Amatati arahera naho hoguma umwikomo hagati y'abatase • Barubahiriza uwarenganijwe • Kumenya amategako amwe amwe
Inkurikizi mbi z'ukwitura Umuhanuzi	Inkurikizi mbi z'ukwitura Sentare
• Umuhanuzi aguma akurikirana ishigwa mu ngiro ry'amasezerano • Ibiganiro bishobora gufata umwanya muremure • Umuhanuzi arashobora kumena ibanga	• Guta umwanya kuko imanza zishobora gucika zitevyeye • Bisaba ibiturire, birasesaguza • Bashobora kurenganya umuntu • Urashobora gutsindwa utotsinzwe • Birashika bakamena ibanga • Birandagaza • Vyigisha gushirukanya • Amatati ntahera rwose, arashobora kwiyoungera • Uwutsinzwe ashobora kwihora kubera yajanyiranye • Ibihano k'uwadadaje yatsinzwe

Bumwe mu buhinga umuhanuzi akoresha, harimwo kwumviriza no gutohoza kugira atahure neza inkomoko y'amatati. Iyo bishoboka iyo nyene guhanura abatase bamuhurijeko, uno nawe akabwirizwa kumenya kuyaga neza kugira agume akomeza icizere abatase bamugiriye. Imboneza zirasabwa guhanura abatase mu mibano iwabo. Ninaco gituma bakeneye kumenya ibigize ikiyago ciza ari navyo bikurikira.

9 Ikiyago ciza

Intangamarara : Utugani dushimikira ku kiyago

Hari imigani y'ikirundi ivuga ko umuntu afise ingorane, vyiza yozivuga, kugira bamufashe kuzitorera umuti kandi abishoboye akabikurikiza:

- ✓ Utarika mu nda ugatarura ibiboze,
- ✓ Umutwe umwe ntiwigira inama,
- ✓ Uhisha ubwari nyoko ntiwarama,
- ✓ Uwuja gukira indwara arayirata,
- ✓ Ukuri gushirira mu kuyaga,
- ✓ Uja kwumva arumviriza.

Inyifato y'uwuvuga n'uwumviriza

Uburyo bwiza bwo gutatura amatati busaba ko abatase baja hamwe bakayaga. Kugira abantu babitegere neza, abakurikirana ibiganiro baribukanya inyifato y'uwushikiriza ijambo n'inyifato y'uwumviriza.

a) Uwushikiriza ijambo ategerezwa :

- ✓ Kuvuga neza atobora,
- ✓ Gutumbera ijambo,
- ✓ Kwirinda gukikira,
- ✓ Kuvugisha ukuri,
- ✓ Kuraba uwo ariko arabwira,
- ✓ Kuba yateguye neza ico ashaka gushikiriza,
- ✓ Kutabangikanya kuvuga n'ikindi gikorwa.

b) Uwumviriza ategerezwa :

- ✓ Kudacira mw'ijambo uwuriko aravuga,
- ✓ Kumwereka ko ariko aramwumviriza vy'ukuri,
- ✓ Kwitabira uwuriko aravuga,
- ✓ Gukoresha ibihimba vy'umubiri nk'umutwe n'amaso,

- ✓ Kubaza utubazo mu gihe atasobanukiwe neza,
- ✓ Kutabangikanya kwumviriza n'ikindi gikorwa.

c) Akamaro n'inkurikizi nziza zo kumviriza :

- ✓ Gutahura uwundi,
- ✓ Gutahura ishavu n'ububabare bw'uwo mwatase,
- ✓ Gusaba ikigongwe no kurekuriranira,
- ✓ Gusubira gukundana no gufashanya.

d) Ikiyago kigenda neza iyo umuntu yisunze ibikurikira (impanuro) :

- ✓ Umuntu ategerezwa kwiyumvira neza ico agire avuye,
- ✓ Ico yiyumviriye ategerezwa kukivuga neza,
- ✓ Ico avuze gitegerezwa kuba ico nyene kwumva yumva,
- ✓ Ico umuntu yumvise ni co ategerezwa gutegeza,
- ✓ Ico ategera gitegerezwa guhurirana na kimwe wa wundi yari yiyumviriye.

10 UGUSOZERA

Umuntu yihweje iyo nyigisho yo gutatura amatati atagukoresha inguvu, asanga hanini ari ukwibukanya utuntu dukunda kwirengagiza, ariko dushobora kutubera intambamyi mu buzima bwacu bwa misi yose. Imisi yose, umuntu azitwararitse, asanga ashoboye kwirinda amatati ayari yo yose.

Imboneza rero zitegerezwa kwisunga iyi nyigisho, kugira zishobore kwigenza nk'abahanuzi koko mu gikorwa bashinzwe co gutatura amatati bidaciye mu nguvu. Ikindi cobabera ngirakamaro ni ukwamana ishaka ryo kuyaga neza n'uwari we wese.

ANNEXES

FICHE D'EVALUATION DES CONNAISSANCE EN RESOLUTION PACIFIQUE DES CONFLITS

Date :

Commune/ Provenance :

Age :

Sexe :

Shira akamenyetso kagwiza munki ya « EGO » canke « Oya » bivanye n'ingene ubitahura	EGO / VRAI	OYA / FAUX
1 - Hari imiryango itagira amatati. Il y a des sociétés sans conflits		
2 - Mubuzima ntidutora amatati atwinjirana, dutora inyishu zayo. Nous ne choisissons pas les conflits qui entrent dans nos vies, mais nous pouvons choisir des réponses à ces conflits.		
3 - Kurenzako uruhu rw'amazi, gukoresha inguvu no kwumvikana ni inzira zitatu zogutorera inyishu amatati. Refuser, réagir avec agressivité, s'entendre à l'amiable sont trois moyens d'apporter des solutions au conflit		
4 - Guheberanira, kurekuriranira niwo muti mwiza w'amatati Gagner/Perdre, c'est la résolution idéale d'un conflit.		
5 - Mukwumvikanisha, muguhuza abantu mu matati barimwo, abantu bariyumvira uburyo bwose bushoboka bwogutorera inyishu ayo matati. Pendant la médiation, les gens réfléchissent sur plusieurs moyens pour résoudre leurs conflits		
6 - Mukwumvikanisha, umuhanuzi niwe atora inyishu irashe kumatati Pendant la médiation, le médiateur décide la meilleure solution pour les parties en conflits.		
7 - Kurodera amatati nkuko umengo ni ibikino bituma yiyongera gusumba. Assister à un conflit comme un spectateur encourage la violence.		
8 - Inyifato mbi y'urwaruka ijanye no gukoresha ibiyayura umutwe, ubuhumbu, no kubura ico bakora La violence chez les jeunes est souvent associée avec l'emploi de l'alcool et les stupéfiants ; et l'absentéisme.		

9 - Ugushavura ni inyifato isanzwe. La colère est un sentiment normal.		
10 - Birashoka yuko ushavura mugabo ntugire inabi. Se fâcher est possible mais ne signifie pas agir féroce.		
11 - Kwifata bunyamaswa tubisanga mumoko y'amatati yose. La violence fait parti toujours de n'importe quel conflit.		
12 - Kutihanganira ishavu bishobora gutuma haba amatati akomeye, imibano igatosekara, eka n'urukundo rukahava. La mauvaise gestion de la colère peut mener à des problèmes physiques, sociaux et affectifs.		

Vuga urugero(degré)gw'ingene mubitahura (Dites le degré de compréhension)	1	2	3	4	5
1 - Amatati yama afise ingaruka mbi. Les conflits n'occasionnent toujours que des aspects négatifs.					
2 - Abana benshi baricwa bunyamaswa uko bukeye uko bwije. Beaucoup d'enfants sont victimes de crimes violents chaque jour.					
3 - Intambwe yambere yo gutorera umuti amatati ni ukwiga icyateye, inkomoko yayo. La première étape pour trouver une solution à un conflit est de l'analyser.					
4 - Amatati kw'ishure, muri quartier, kenshi avamwo ugushamirana. Les conflits à mon école/ au quartier/ à la colline entraîne la violence.					
5 - Iyo ndiko ndatata, ndagerageza guhunga abo turiko turatata. Quand j'entre en conflit, j'essaie d'éviter ceux qui sont en conflit avec moi.					
6 - Kwishure/muri quartier habaye amatati usanga hariho abategamiye nahamwe kandi nibo buzuriza abatase A l'école / au quartier/ à la colline si un conflit surgit certaines gens prennent une position neutre pour servir de médiateur.					

Guide méthodologique pour utiliser le module

1. Aperçu de la session

Thème	La gestion non-violente des conflits
Jours	5
Objectifs	1. Contribuer à une meilleure compréhension des conflits par les leaders communautaires « Imboneza » et les élus locaux ; 2. Renforcer les capacités des leaders communautaires « Imboneza » et les élus locaux pour qu'ils soient capables de résoudre les conflits sociaux de manière constructive ; 3. Doter de leaders communautaires « Imboneza » et d'élus locaux des compétences nécessaires pour être capables de participer à des initiatives de paix au niveau local et provincial
Formateur	
N° de participants	

2. Programme de la Formation

Heure	Méthodologie	Contenu/activités	Commentaire	Matériel
Lundi				
09h00 – 09h10	Exposé	Mot d'accueil et présentation des objectifs de l'atelier		
09h10 – 09h40	Travaux en groupe de 2 participants, l'un présente l'autre en plénière	Présentation des Formateurs et des participants	- Nom - Profession - Ce que tu aimes / n'aimes pas	
09h40 – 10h10	Ecrire sur un bout de papier	Attentes / craintes		Papier, stylos
10h10 – 10h30	Questions aux participants	Organisation : emploi de temps, répartition des tâches, règles de conduite		

10h30 – 10h50 : Pause café				
10h50 – 11h00	Exposé	Présentation du programme		Flipchart
11h30 - 12h00	Questionnaire	Evaluation pré-formation		
12h00 – 13h00	Vrai/Faux questions (participants dans des différents coins + com- mentaire	Introduction (Intangamarara)	Conflits sont naturels, parfois nécessaires et ils sont neutres. Le Conflit nous déchire et nous unit, le conflit est à la fois un danger et une opportunité	Flipchart
13h00 – 14h00 : Pause déjeuner				
14h00 – 15h00	Définition des concepts Brainstorming	Introductions aux concepts : « conflits », « violence », « paix »		Flipchart
15h00 – 15h40	Travaux en groupe de 10 participants chaque groupe - Groupes des enfants de 8 à 15 ans (10) - 2 groupes composés de 10 chacun dont 5 enfants et 5 marâtres) - Plénière	Types de conflits	Chaque groupe identifie 3 exemples de conflits fréquents dans leur groupe	Flipchart
15h40 – 16h00	Le facilitateur fait la synthèse et illustre les types de conflits par le dessin	Types de conflits Prioriser 3 exemples de conflits les plus fréquents	Classer les conflits selon qu'ils sont latents, ouverts ou de faible ampleur	Flipchart
16h00 – 16h30 : Evaluation + clôture				

Mardi

09h00 – 09h20	Reconstitution de la matière de la veille par les participants			
09h20 – 09h50	Jeux cartes	Etapas du conflit : le conflit comparé au feu		
9h50 – 10h30	Brainstorming + travaux en groupes	Grandes catégories de causes de conflits	Quelles sont les causes des conflits que vous rencontrez dans votre vie de tous les jours ?	Flipchart
10h30 – 10h50 : Pause café				
10h50 – 13h00	Brainstorming	Grandes catégories de causes de conflits (suite)	Classer les conflits selon qu'ils sont dues à : - Méconnaissance - Relations que les êtres humains ont entre eux - culture et identité - Intérêts - systèmes d'organisations	Flipchart
13h00 – 14h00 : Pause déjeuner				
14h00 – 15h00	Analyse d'un conflit fréquent en utilisant : « l'arbre à conflit » (conflit le plus fréquent)	Priorisation des causes du conflit	Causes et effets	
15h00 - 16h00	En plénière, - exploitation d'un dessin confus - Lister les différentes interprétations - Demander pourquoi ces différentes interprétations - Leçons apprises	Les perceptions par rapport aux conflits	La formation, le milieu et les attentes justifient les perceptions	Flipchart
16h00 – 16h30 : Evaluation et clôture				

Mercredi

09h00 – 09h20	Reconstitution de la matière de la veille par les participants	Rappel		
09h20 – 10h30	Travaux en groupes sur : Les stratégies adoptées en cas de conflits (fréquents)	Les stratégies et issues de disputes	Evitement mutuel Rivalité Abandon malgré soi ou résignation Concession Entente à l'amiable	
10h30 – 10h50 : Pause café				
10h50 – 13h00	Analyse critique des stratégies (avantages et inconvénients) Léçons apprises	Les stratégies et issues de disputes (suite)	Evitement mutuel Rivalité Abandon malgré soi ou résignation Concession Entente à l'amiable	
13h00 – 14h00 : Pause déjeuner				
14h00 – 15h00	Etude de cas : Modèle de l'institution des Bashingantahe Travaux en groupes	Médiation	Fonctionnement, Avantages, Défis et Opportunités	
15 h00 - 16h00	Echanges	Médiation	- Principes de la médiation - Caractéristiques d'un médiateur	
16h00 – 16h30		Evaluation et clôture		

Jeudi				
09h00 – 09h20	Reconstitution de la matière de la veille par les participants	Rappel		
09h20 – 10h30	Echanges	Médiation	Les phases de la médiation	
10h30 – 10h50 : Pause				
10h50 – 13h00	Analyse comparative	Médiation et saisine	Avantages et inconvénients des deux méthodes de résolution des conflits	
13h00 – 14h00 : Pause				
14h00 – 15h00	Jeux de simulation	Communication	Les attitudes et caractéristiques des interlocuteurs pour l'écoute active	
15h00 – 16h00	Jeux de rôle	Pratique de la bonne communication	Les attitudes et caractéristiques des interlocuteurs pour l'écoute active	
16 h00- 16h30 : Clôture				

Vendredi				
09h00 – 09h20	Reconstitution de la matière de la veille par les participants	Rappel		
9h20 - 10h30	Révision de l'analyse des conflits et de leurs causes (cf. les 3 conflits fréquents)			
10h30- 10h50 : Pause				
10h50 - 13h00	Travail en groupes	Planification du travail de terrain	Appropriation du programme par les participants Mécanismes de suivi-évaluation : plans d'action et comité de suivi	

13 h00 - 13h30	Fiche d'évaluation	Evaluation de toute la formation		
13h30 - 14h30 : Pause déjeuner et clôture de l'atelier				

Fiche de suivi de la formation en résolution pacifique des conflits

A partir des conflits fréquents dans la communauté, les participants répondent aux questions posées dans le tableau suivant :

Activités	Période	Approches méthodologiques	Responsabilités	Lieu	Moyens
Quelles Activités à mettre en œuvre pour résoudre les conflits fréquents dans la communauté ?	Quand (à par- tir de quand et jusque quand durera la mise en œuvre des l'activités?)	Comment est que l'activité sera mise en œuvre ?	Par qui (par les bénéficiaires de la formation ou se fe- ront –ils appuyés par quelques membres de la communauté ou autres ?)	Où se dérouleront les activ- ités ?	Moyens nécessaires pour la mise en œuvre de l'activité (De quoi on a besoin pour mettre en œuvre les activités ?)
1					
2					
3					

